



Resevwa lèt byenveni w lan epi kreye yon kont MySchools

Chè fanmi,

W ap aplike nan lekòl presegondè ivè sa a? **Lèt byenveni yo sou wout pa lapòs** pou fanmi tout elèv lekòl leta klas senkyèm ane, ladan elèv lekòl Depatman Edikasyon (DOE) ak elèv lekòl Charter. Lèt sa a gen ladan yon apèsi sou admisyon lekòl presegondè, ladan kòman pou kreye yon kont ak itilize [MySchools.nyc](https://www.schools.nyc.gov), anyè ak sistèm aplikasyon DOE sou entènèt la. Lèt pitit ou a gen kòd inik pou kreyasyon kont MYSchools li a.

Peryòd aplikasyon pou lekòl presegondè a poko ouvri, men ou ka itilize MySchools kounye a pou w gade lekòl ak pwogram ki enterese w ou pi renmen yo; lè peryòd aplikasyon an ouvri, w ap itilize MySchools tou pou aplike. Peryòd aplikasyon an ap kòmanse nan dat **26 oktòb** epi l ap fini a **1ye desanm**.

Ou bezwen èd pou kreye kont ou a?

Gade videyo [Kòman pou kreye oswa jwenn aksè nan yon kont MySchools](#), yon videyo eksplikasyon ki ba w machasuiv tout pwosesis la.

Ou bezwen plis èd ak/oswa yon kopi lèt byenveni w lan?

- Pale avèk konseye pedagogik lekòl leta pitit ou a ye kounye a. Se yo ki pral pwen kontak prensipal ou atravè pwosesis admisyon an. Lekòl leta kote pitit ou a ye a ka bay yon kopi lèt byenveni w la epi ede w kreye kont MySchools ou.
- Si pitit ou a nan yon lekòl prive oswa yon lekòl pawasyal, ou ka kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) pou mande yon lèt byenveni.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan lekòl presegondè epi gade lis videyo nou an sou sitwèb nou an, schools.nyc.gov/Middle.

Bon siksè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè schools.nyc.gov/SignUp.

Si w vle retire non w sou lis mesaj pou admisyon lekòl presegondè yo, tanpri klike [la a](#).